

Maladi Anflamasyon Pèlvyen (MEP) – Fèy Enfòmasyon CDC



Maladi moun pran nan fè bagay (MST yo) ki pa trete kapab lakòz maladi enflamasyon pèlvyen (MEP), yon maladi ki grav lakay fanm. 1 fanm sou 8 fanm ki konn gen MEP gen difikilte pou yo vin ansent. Ou kapab pa devlope MEP si ou konnen kijan pou pwoteje tèt ou.

Kisa MEP la ye?

Maladi anflamasyon pèlvyen se yon enfeksyon ki nan ògàn repwodiksyon yon fanm. Se yon konplikasyon fanm yo genyen souvan akòz kèk MST, tankou klamidya ak blenoraji. Lòt enfeksyon ki pa trape nan fè bagay kapab lakòz MEP tou.

Kijan mwen ka pran MEP?

Ou gen plis chans pou pran MEP si ou

- Gen yon MST epi ou pa swiv trètman pou li;
- W ap fè bagay ak plis pase yon patnè;
- W ap fè bagay ak yon patnè ki limenm ap fè bagay ak lòt patnè;
- Te gen MEP anvan;
- Aktif nan sèks epi ou gen laj 25 ane oswa mwens;
- Douch;
- Itilize yon esterilè (DUI) pou pa fè pitit. Sepandan, w ap jwenn ti ogmantasyon risk la sitou nan twa premye semèn yo apre yon doktè mete DUI a anndan iteris la.

Kijan mwen ka bese chans pou m trape MEP?

Sèl fason pou evite maladi moun pran nan fè bagay (MST) se pa fè sèks nan vajen, nan dèyè ak nan bouch.

Si w aktif nan sèks ou ka fè bagay annapre yo pou bese chans pou trape MEP:

- Antann ak patnè w pou nou gen yon relasyon estab avèk yon sèl patnè ki te fè tès epi rezilta tès MST yo soti negatif;
- Sèvi ak kapòt latèks nan fason kòrèk la chak fwa w ap fè bagay.

Kijan pou mwen konnen si mwen gen MEP?

Pa gen tès pou MEP. Anjeneral yon dyagnostik chita sou yon melanj istwa medikal ou, egzamen fizik ou, ak kèk lòt rezilta tès. Ou ka pa konnen si ou gen MEP paske sentòm ou yo ka modere, oswa ou ka pa gen okenn sentòm ditou. Men, si ou gen sentòm, ou ka remake:

- Doulè anba tivant;
- Lafyè;
- Yon pèt (dechaj) ou pa abitye genyen ki bay yon move odè k ap sòti nan vajen ou;
- Doulè ak/oswa ou bay san lè w ap fè bagay;
- Sansasyon boule lè w ap pipi; oswa
- San kap koule san se poko règ ou.

Ou ta dwe

- Ale kay doktè pou yon egzamen si ou remake nenpòt nan sentòm sa yo;
- Wè yon doktè touswit si ou panse oumenm oswa patnè seksyèl ou (yo) gen yon MST oswa te gen kontak ak yon MST;
- Wè yon doktè san pèdi tan si ou gen nenpòt sentòm jenital tankou yon blese ou pa abitye genyen, yon dechaj ki bay move odè, sansasyon boule lè w ap pipi, oswa san kap koule san se pa règ ou;
- Fè yon tès pou klamidya chak ane si ou aktif nan sèks epi si ou gen laj 25 lane oswa mwens.
- Si ou aktif nan sèks, pale klè e di laverite ak pwofesyonèl swen sante ou epitou mande li si ou ta dwe fè tès pou lòt MST yo.

Èske MEP kapab trete?

Wi, si yo dekouvri ou gen MEP bonè, maladi a kapab trete. Men, trètman an p ap repare okenn domaj ki te deja fèt nan sistèm repwodiksyon ou. Tank ou rete tann plis tan pou trete, tank w ap gen plis chans pou ou gen konplikasyon ak MEP a. Pandan w ap pran antibyotik, sentòm ou yo ka ale anvan enfeksyon an trete. Menmsi sentòm yo ale, ou dwe fin pran tout medikaman ou. Sonje pou fè dènye patnè seksyèl ou (yo) konnen sa, yon fason pou yo kapab fè tès epi swiv trètman pou MST tou. Li enpòtan anpil tou pou oumenm ak patnè ou fini trètman ou anvan nou fè nenpòt kalite sèks yon fason pou youn pa enfekte lòt ankò.

Ou kapab gen MEP ankò si ou enfekte avèk yon MST ankò. Epitou, si ou te gen MEP anvan, ou gen plis chans pou pran li ankò.

Kisa k ap pase si mwen pa trete?

Si doktè dekouvri ou gen MEP epi si ou swiv trètman pou li, ou kapab pa gen konplikasyon yo. Kèk nan konplikasyon MEP yo se:

- Fòmasyon tisi sikatris deyò ak andedan twonp falòp yo ki kapab lakòz tib yo bloke;
- Gwosès ektopik (gwosès deyò matris la);
- Enfètilite (ou pa kapab ansent);
- Doulè pèlvyen/abdominal alontèm.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Division of STD Prevention
(DSTDP)
Centers for Disease Control
and Prevention
www.cdc.gov/std

CDC-INFO Contact Center
1-800-CDC-INFO
(1-800-232-4636)
[https://wwwn.cdc.gov/dcs/
ContactUs/Form](https://wwwn.cdc.gov/dcs/ContactUs/Form)

CDC National Prevention
Information Network (NPIN)
<https://npin.cdc.gov/disease/stds>
P.O. Box 6003
Rockville, MD 20849-6003
E-mail: npin-info@cdc.gov

American Sexual Health
Association (ASHA)
[http://www.ashasexualhealth.
org/stdsstis/](http://www.ashasexualhealth.org/stdsstis/)
P. O. Box 13827
Research Triangle Park, NC
27709-3827
919-361-8488